

Yon Rezolisyon Konsèy Misyon ak Ministè Legliz Frè

Mas 2026

Mache Ansanm:

Imigrasyon, Fè Lapè, Konsyans, epi Sipòte Vwazen nou yo

“Mwen te yon etranje, epi nou te akeyi m” (Matye 25:36).

Swen pou imigran ak refijye yo se yon pati esansyèl nan etik kretyen an ak etik Legliz Frè sou sèvis nan kesyon fè lapè.

Antanke disip Jezi, Legliz Frè te konsidere depi lontan sèvis pou lòt moun kòm yon pati fondamantal nan kwayans nou. Apèl sa a pou sèvi lòt moun pa limite ak kèk moun sèlman men li louvri pou tout moun. Bib la repete sa plizyè fwa pou di nou ke nou dwe renmen, montre ospitalite, epi pa maltrete etranje yo (Detewonòm 10:18–19, Egzòd 22:21, Ebre 13:2) epi imigran yo dwe jwenn menm kalite tretman ak rezidan natif natal nan nenpòt peyi (Levitik 19:33–34, Levitik 24:22, Nonb 15:15–16). Migrasyon se yon bagay fondamantal tou nan istwa bibliik la, jan nou wè sa nan migrasyon Izrayelit yo soti Kanaran pou ale nan peyi Lejip ak nan eksperyans Jezi te fè kòm yon refijye nan peyi Lejip pou l te chape anba vyolans politik. Li klè ke senpati ak sipò pou imigran, migran ak refijye yo fè pati ansèyman bibliik yo.

Selon listwa Legliz Frè te toujou gen apèl pou sèvi lòt moun epi pran swen imigran ak refijye yo. Nan yon rezolisyon lane 1982, Legliz la te deklare: "Prensipal verite lafwa a, lè n ap konsidere imigran ak refijye yo jodi a, sè ke Kris la te fè yon lòt aparisyon nan mitan nou, kòm Li menm yon imigran ak refijye atravè opozan politik yo, moun ki nan bezwen ekonomik yo, ak etranje ki nan kouri." Legliz Frè te aplike kwayans sa a atravè travay ak òganizasyon tankou Church World Service pou reenstale refijye yo Ozetazini, lè yo te louvri pwogram sèvis kominotè dirèk pou imigran nan kominote lokal kongregasyon yo, epi atravè defans dwa ke yo fè bò kote gouvènman Etazini an pou yon politik imigrasyon ki pi imen epi akeyan.

Sèvis sa a ke yo ofri ak imigran ak refijye yo te yon pozisyon kòrèk epi ki te la pou yon bon bout tan nan Legliz Frè. Pa egzanp, manm yo te travay pou pran swen refijye yo apre Dezyèm Gè Mondyal la, epi Legliz la te plede pou Etazini bay plis sipò pou refijye yo kòm rezilta Lagè Vyetnam nan (Deklarasyon 1979: Aksyon nan Kriz Refijye nan Sidès Lazi).

Kounye a, gen yon kriz refijye ak migrasyon atravè lemond, ak anpil kòz migrasyon tankou lagè, konfli sivil, vyolans kriminel, chanjman klimatik, ak ekonomi entènasyonal ak nasyonal. Legliz Frè te trete imigran ki imigre pou nenpòt nan rezon sa yo kòm moun ki merite sipò.

Istwa ak tradisyon Legliz Frè gen ladan disip radikal, objeksyon konsyans, ak patisipasyon nan dezobeyisans sivil.

Nan ka kote politik gouvènman yo enjis oswa an konfli ak ansèyman bibliik yo, Legliz Frè bay sipò li ak moun ki vle swiv konsyans yo epi, nan kèk ka, li te ankouraje dezobeyisans sivil selon volonte w, san vyolans anvè lwa sa yo. Yon egzanp depi byen lontan se sipò legliz la pou objeksyon konsyans sou kesyon lagè.

Anrasinen nan kwayans Frè yo ke tout lagè se peche, Legliz Frè deklare ke, "Nou pa ka ankouraje, angaje nou nan, oswa pwofite volontèman konfli ame nan peyi nou oswa aletranje. Nou pa ka, nan ka lagè, aksepte sèvis militè oswa sipòte militè a nan okenn sans" (Deklarasyon sou Lagè lane 1970). Legliz la te konsidere yon pakèt aksyon kòm yon pati nan non-patisipasyon nan lagè, tankou objeksyon konsyans kont sèvis militè a, pa peye taks pou depans militè yo, ak dezenvestisman nan konpayi prive ki pwodui zam militè yo.

Nan kèk ka, lè nou pa patisipe nan zak ki vyole konsyans nou ak kwayans nou, sa ka gen ladan l dezobeyi lalwa. Nan rezolisyon Konferans Anyèl anvan yo, Legliz Frè te deja abòde kesyon dezobeyisans sivil la. Deklarasyon Konferans Anyèl 1969 la, ki rele "Obeyisans anvè Bondye ak Dezobeyisans Sivil," eksplike ke "Pandan ke leta ka egzije yon lwayote rezonab nan men sitwayen li yo, li pa dwe egzije yon obeyisans absoli, ki se pou Bondye." Deklarasyon an ofri tou konsiderasyon sou fason pou yo fè dezobeyisans sivil fidèl, li eksplike ke yo ta dwe "reflech chyen sou li, priye sou li, epi diskite l nèt" nan mitan legliz la. Li sijere tou ke kretyen ki angaje yo nan dezobeyisans sivil ta dwe eksplike rezon ki fè yo fè sa bay lòt moun ouvètman epi" yo ta dwe mete aksan sou fidelite anvè Bondye ak afimasyon pwoblèm moral yo yon fason ki byen klè olye ke se sou negativite lalwa ak dezobeyisans sivil kòm yon objektif nan li menm menm."

Nan tout ka yo, legliz la pa trete dezobeyisans sivil la alalejè, men li te konsidere gwo konsekans sa ka genyen epi li te note ke se pa tout manm yo ki ka dakò sou ki nivo risk pou yo pran (Deklarasyon 1973: Non-Kowoperasyon).

Legliz Frè te deja aplike konsèp dezobeyisans sivil la nan lwa imigrasyon. Nan yon deklarasyon nan lane 1989 sou kesyon legliz ki bay refij pou refijye ki soti El Salvador,

Gwatemala ak Ayiti, legliz la te reponn ak sa li te konsidere kòm politik imigrasyon enjis. Konferans Anyèl la te deklare ke, "Itilizasyon legliz la kòm refij se yon bagay ki an akò ak obeyisans ak fidelite anvè volonte epi chemen Kris la" epi li pran responsablite legliz ki bay refij pou imigran yo lè mwayen legal pou pwoteje dwa yo te fin itilize, menm si sa ta ka lakòz yo fè fas ak gwo konsekans legal.

Selon listwa, lè lwa imigrasyon an pa kòrèk avèk ansèyman Kris la, Legliz Frè te aksepte dezobeyisans sivil sou fòm pou bay refij kòm yon repons rezonab epi, nan kèk ka, dapre nesosite a. Jodi a, gen anpil fason legal ke manm Legliz Frè te sipòte epi kapab sipòte vwazen imigran yo. Sepandan, nan ka kote aksyon sa yo prezante kòm kont lalwa oswa si lwa yo chanje nan lavni, dezobeyisans sivil ka repons fidèl la.

Dezobeyisans sivil fidèl gen fondman Biblik ak teyolojik

Dezobeyisans sivil se aksyon pasifik ki refize obeyi lwa oswa règleman ki opoze ak jistis ak lanmou Bondye, ki fèt avèk lapriyè epi avèk volonte pou aksepte konsekans yo. Li anrasinen nan disip, konsyans, ak lanmou pou pwochen, se pa nan kòlè oswa rebelyon.

Pami anpil egzanp biblik yo, gen temwayaj san vyolans Jezi yo, tankou Matye 5 jiska 7 (non vyolans, lanmou lènmi, di verite a) ak Jan 18 jiska 19 (Jezi reziste pouvwa enjis atravè verite ak lanmou soufrans). Leson Nouvo Testaman an se ke rezistans kretyen an reflekte kwa a—fèm, san vyolans, ak redanmsyon.

Temwen istorik nan tradisyon kretyen an gen ladan temwayaj Martin Luther King Jr., ki gen lidèchip nan lit Dwa Sivil la ka rezime nan "Lèt li a ki soti nan prizon Birmingham" ki pale sou dezobeyisans sivil san vyolans ki anrasinen nan lanmou kretyen ak distenksyon ant lwa jis ak enjis.

Dietrich Bonhoeffer, teyolojyen alman an ki te pèsionifye disip kretyen ki koute chè anba Nazism, te demontre responsablite moral fas ak mal.

Nan tradisyon Katolik Women an, Dorothy Day te ilistre pouvwa ospitalite radikal, povrete, ak rezistans kont lwa enjis atravè pratik kominotè.

Temwen kretyen sa yo ak anpil lòt afime ke dezobeyisans sivil pa rebelyon pou enterè pèsònèl; li se yon zak disip Jezikri lè konsyans, pawòl la, ak lanmou pou pwochen mande aksyon.

Nan tradisyon Legliz Frè, dezobeyisans sivil fèt sèlman apre yon disènman ki chèche gid Sentespri a. Souvan, pou Frè yo, disènman sa a fèt nan kontèks kongregasyon fidèl

la. Legliz Frè istorikman mete aksan sou disènman kominotè a paske dezobeyisans sivil konsidere kòm yon aksyon fidèl nan sèvis temwen lapè a (non-vyolans, objeksyon konsyans) ak nan direksyon objektif pou kanpe ak vwazen ki majinalize yo. Senplisite ak imilite te pozisyon ki itil pandan Frè yo ap fè disènman apèl pou dezobeyisans sivil la.

Sipò pou nouvo moun ki vini yo ak respè pou lanmou Bondye pou lajistis konfime ankò.

“Senyè a fè jistis pou òfelen ak vèv yo, li renmen etranje yo, li ba yo manje ak rad. Nou dwe renmen etranje a tou, paske nou te etranje tou nan peyi Lejip la” (Detewonòm 10:18-19).

“Lè yon etranje rete nan mitan nou nan peyi nou an, pa maltrete l. Se pou nou trete etranje k ap viv nan mitan nou an tankou moun natif natal nou yo. Renmen l menm jan nou renmen tèt nou, paske nou te etranje tou nan peyi Lejip. Mwen se Senyè a, Bondye nou an” (Levitik 19:33-34).

Nou konfime ankò ke swen legliz la pou imigran ak refijye yo pa yon opsyon, men se yon angajman etik kretyen fondamantal ki anrasinen nan lanmou pou pwochen, lajistis, ak fidelite anvè Kris la.

Apèl pou aksyon

Pou moun endividyèl:

Aprann epi koute

- Li istwa imigran ak refijye yo.
- Koute avèk imilite ak respè.
- Aprann sou kilti, istwa, ak eksperyans.

Pale avèk atansyon

- Defye estereyotip danjere avèk verite ak gras.
- Sèvi ak yon langaj ki onore diyite.
- Pataje enfòmasyon ki kòrèk avèk konpasyon

Prezante regilyèman.

- Fè volontarya regilyèman, pa yon sèl fwa.
- Akonpaye fanmi yo lè yo envite w.
- Bati relasyon ki baze sou konfyans.
- Konprann ke dezobeyisans sivil ka nesèsè.

Pou kongregasyon yo:

Priye epi reflechi.

- Priye pou fanmi ak kominote imigran yo.
- Mete imigran yo nan lis lapriyè kongregasyon an.
- Reflechi sou apèl bibliik la pou akeyi etranje a epi pou travay pou jistis.

Ofri akèy ak sipò.

- Salye epi rekonèt vwazen imigran yo.
- Ede ak fòmilè yo, kesyon lekòl yo, oswa randevou yo.
- Ofri transpò, gadri, oswa tradiksyon, lè sa posib.
- Konprann ke dezobeyisans sivil ka nesèsè epi sipòte manm legliz yo ki patisipe nan aksyon sa yo avèk lapriyè.

Pou distri yo:

Bay resous.

- Bay manje, rad, founiti lekòl, oswa kat kado.
- Sipòte òganizasyon lokal ak nasyonal ou fè konfyans yo.
- Pataje resous yo ansanm pou yon pi gwo enpak.

Sipòte pri a.

- Aksepte deranjman, malantandi, oswa kritik.
- Pataje pouvwa, espas, ak lidèchip.
- Rete fidèl lè sipò mande sakrifis.
- Konprann ke dezobeyisans sivil ka nesèsè epi sipòte patisipasyon kongregasyon yo nan lapriyè nan aksyon sa yo.

Pou denominasyon an:

Defann avèk kouraj

- Denonse lè règleman yo fè fanmi yo mal.
- Kontakte lidè ak enstitisyon yo avèk respè.
- Sèvi ak vwa ak pozisyon pou aji pou jistis.

Kenbe nan solidarite

- Sipòte kominote imigran yo piblikman.
- Patisipe nan sèvis lapriyè, vèy lanwit, oswa rasanbleman kominotè.
- Bay prezans ou, menm lè ou pa alèz.
- Konprann ke dezobeyisans sivil ka nesèsè epi sipòte pati nan denominasyon an, tankou anplwaye yo, ki patisipe nan lapriyè nan aksyon sa yo.

Pou refleksyon:

- Deklarasyon Konferans Anyèl sou lapè ak jistis.
- Dokiman Konferans Anyèl nan lane 2007 "Pa gen Separasyon Ankò" (sou rasis ak inite).
- Pozisyon Legliz Frè sou imigrasyon, sipò refijye, ak aksyon san vyolans.

Nou rekonèt ke kanpe bò kote imigran ak refijye yo nan klima politik ak kiltirèl jodi a pote plis risk ak konsekans reyèl, men nou angaje nou pou nou mache sou chemen sa a avèk lapriyè, sajès, kouraj, ak swen mityèl. Nou fè Bondye konfyans, li menm ki bay moun ki gen lafwa yo pouvwa epi ki soutni yo nan disip Jezikri.

Yon priyè pou vwayaj la*

Bondye tout pèp, ouvri je nou pou nou wè vwazen imigran nou yo, ouvri kè nou pou nou koute yo yon fason pwofon, ouvri men nou pou nou sèvi yo ak jenewozite, ouvri lavi nou pou nou mache ansanm avèk yo nan lanmou, epi ban nou kouraj pou nou fè sa ki dwat, menm si sa vle di reziste kont lwa epòk la. Amèn.

Spanish:

Dios de todos los pueblos, abre nuestros ojos para ver, nuestros oídos para escuchar y nuestros corazones para amar a nuestros vecinos inmigrantes. Amén.

Haitian Creole (Kreyòl):

Bondye tout pèp yo, louvri je nou pou nou wè, louvri zòrèy nou pou nou koute pep la, epi louvri kè nou pou nou renmen vwazen imigran nou yo. Amèn.

French:

Dieu de tous les peuples, ouvre nos yeux, nos cœurs et nos mains afin que nous marchions fidèlement avec nos voisins immigrants. Amen.

Hausa:

Ya Allah na dukkan al'umma, ka buɗe idanunmu, zukanmu, da hannayenmu domin mu yi tafiya tare da 'yan ci-rani cikin kauna. Amin.

Hindi:

हे सभी लोगों के परमेश्वर, हमारी आँखें खोलें कि हम देख सकें, हमारे हृदय खोलें कि हम प्रेम कर सकें, और हमारे कदमों को मार्गदर्शन दें कि हम अपने प्रवासी पड़ोसियों के साथ चलें। आमीन।

Siyati

Prezidan ak Prezidan eli Misyon an ak Konsèy la, oubyen tout Konsèy la

Referans

Statement on Undocumented Persons and Refugees in the United States, 1982, <https://www.brethren.org/ac/statements/1982-refugees/>

Resolution: Action in the Refugee Crisis of Southeast Asia, 1979, <https://www.brethren.org/ac/statements/1979-refugee-crisis-se-asia/>

Statement on War, 1970, <https://www.brethren.org/ac/statements/1970-war/>

Statement on Obedience to God and Civil Disobedience, 1969, <https://www.brethren.org/ac/statements/1969-obedience-to-god-and-civil-disobedience/>

Statement on Non-Cooperation, 1973, <https://www.brethren.org/ac/statements/1973-non-cooperation/>

Resolution: Providing Sanctuary for Latin American and Haitian Refugees, 1983,
<https://www.brethren.org/ac/statements/1983-latin-haitian-refugees/>

** Rezolisyon sa a disponib an Anglè, Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Aoussa, Hindi, Fransè, ak lòt lang jan sa nesesè. Priyè final la nan tout lang yo ap enkli nan chak tradiksyon yo.*